



Built to Lead

Pou Piblikasyon Imedya: 7/9/2016

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE VALÈ VIZITÈ PAK ETA NEW YORK YO OGMANTE PANDAN SEZON ETE A

Sistèm Pak nou yo te akeyi 38.4 milyon vizitè padan sezon ete a

Etablisman Pak Eta yo pral pwolonje sezon natasyon an rive jiska 18 septanm

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse plis moun ap kontinye vizite Pak Eta New York yo, sit istorik ak sit kan yo, lè yo te akeyi preske 38.4 milyon vizit soti nan wikenn fèt memoryal la jiska wikenn fèt travay ane 2016 la, sa ki reprezante yon ogmantasyon plis pase 120.000 vizit pase sezon ete ane pase a. Anplis de sa, sou direksyon Gouvènè a, yo ap pwolonje sezon natasyon an nan tout etablisman pak eta toupatou nan New York yo jiska 18 septanm.

Gouvènè Cuomo te di: “Administrasyon sa fè yon investisman san parèy nan sistèm pak eta nou an, ki ap pote nouvo etablisman, nouvo enèji epi – jan chif sa yo montre nou an la – k ap fè plis moun vizite pak yo pandan sezon ete a. Nou fyè pou nou kontinye pran elan sa avèk pwolonjman sezon natasyon an epi ankouraje tout Nouyòkè pou yo al vizite yon pak eta lokal, yon sit istorik oswa yon kan, pou yo itilize nouvo gran etablisman sa yo epi fè pwòp eksperyans pa yo de bote natirèl san parèy ki nan chak kwen eta sa.”

Valè moun ki ap vizite Pak Eta yo vin pi plis anpil pandan senk ane ki sot pase a yo, sa reflekte gwo efò Gouvènè Cuomo ap fè pou amelyore epi pwomouvwa Pak Eta New York yo nan kad pwogram NY Park 2020 pou mete disponib 900 milyon dola finansman prive tankou piblik soti 2011 rive 2020.

Gouvènè Cuomo te lanse pwogram Connect Kids to Parks la (Mete Timoun yo an Kontak ak Pak yo) nan kad pwogram NY Parks 2020 li an, yon pwogram ki pèmèt elèv katryèm ane yo ak fanmiy yo ka antre gratis nan pak yo pandan lajounen. Nan kòmansman ete a, Gouvènè Cuomo te pwolonje lè natasyon nan plaj pak eta ak pisin yo pandan de fwa pou ede Nouyòkè yo rafrech ki yo pandan chalè ete a. Yo estime gen apeprè 38.36 milyon vizitè ki pwofite itilize etablisman Pak Eta yo jere yo pandan sezon ete 2016 la, konpare ak 38.24 milyon vizitè yo te estime an 2015, 35.19 milyon an 2014, epi 34.12 milyon pandan ete 2013 la.

Delege Pak Eta yo, Rose Harvey te di: “Gras a gwo kout sipò Gouvènè Cuomo bay la, Pak Eta New York yo te pase yon lòt trè bon sezon ankò, kote vizitè yo pran pleze naje yo, fè kan, jwe gòlf, fè randone epi vizite sit istorik yo. Valè vizitè yo konfime ke

sitwayen ansanm ak touris yo ap redekouvri ke sistèm pak eta nou an se yon destinasyon enkontounab yo dwe vizite pou pran plezi yo, pou lwazi ak tourism.”

Etablisman ki gen pisin nan Pak Eta nou pral site la yo ap ouvè pandan orè pwolonje apre fèt travay la:

Zòn Lwès New York

- *Pak Eta Allegany ki nan Quaker Area*: 10, 11, 17 ak 18 septanm, soti 11 è a.m. rive 6:45 è p.m.
- *Beaver Island*: 10, 11, 17 ak 18 septanm, soti 11 è a.m rive 7 è p.m.

Finger Lakes

- *Plaj Hamlin Beach*: 10, 11, 17 ak 18 septanm, soti 11 è a.m rive 5 è p.m.
- *Sprayground nan Pak Eta Seneca Lake*: 10, 11, 17 ak 18 septanm, soti 11 è a.m rive 6 è p.m.

Southern Tier (Nivo zòn sid la)

- *Robert H Treman*: 9, 10, 11, 16, 17 ak 18 septanm, soti 11 è a.m. rive 7 è p.m.
- *Taughannock Falls*: 10, 11, 17 ak 18 septanm, soti 11 è a.m rive 7 è p.m.

Central New York (Zòn Sant New York)

- *Pak Eta Green Lakes*: 10, 11, 17 ak 18 septanm, soti 11 è a.m. rive 7 è p.m.

Mohawk Valley

- *Pak Eta Delta Lake*: 10, 11, 17 ak 18 septanm, soti 11 è a.m. rive 7 è p.m.

North Country

- *Plaj Southwick Beach*: 10, 11, 17 ak 18 septanm, soti 10 a.m. rive 6 è p.m.

Capital Region (Rejyon Kapital la)

- *Pisin Victoria nan Pak Eta Saratoga Spa*: 10, 11, 17 ak 18 septanm, soti 10 è a.m. rive 6 è p.m.
- *Pak Eta Lake Taghkanic*: 10, 11, 17 ak 18 septanm, soti 10 è a.m. rive 6 è p.m.

Long Island

- *Pak Eta Hither Hills*: Chak jou jiska 18 septanm, soti 10 è a.m. rive 5:30 è p.m.
- *Pak Eta Jones Beach Field 6*: Chak jou jiska 18 septanm, soti 10 è a.m. rive 6 è p.m.
- *Jones Beach West Bathhouse Ocean Beach*: 10 ak 11 septanm, soti 10 è a.m rive 6 è p.m.
- *Jones Beach Central Mall*: Chak jou jiska 9 septanm, soti 10 è a.m. rive 7 è p.m.; 10 ak 11 septanm, soti 9 è a.m. rive 7 è p.m., epi 17 ak 18 septanm, soti 10 è a.m. rive 6 è p.m.
- *Pak Eta Robert Moses: Fields (Tèren) 2 ak 5*: Chak jou jiska 18 septanm, soti 10 è a.m. rive 6 è p.m. pandan lasemèn, epi soti 9 è a.m. rive 7 è p.m. lè wikenn.
- *Pak Eta Sunken Meadow*: Chak jou jiska 18 septanm, soti 10 è a.m. rive 6 è p.m.

###

W ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418